

Massachusetts Coalition for Occupational Safety & Health (MassCOSH)

DWA OU GENYEN POU RESEVWA KONPANSASYON POU TRAVAYE (WORKER'S COMP)

Odinèman yo di (*Worker's Comp*) an anglè, ki vle di Konpansasyon Pou Travayè. *Worker's Comp* oubyen Konpansasyon Pou Travayè se yon asirans anka aksidan nan travay oubyen maladi moun pran nan travay. Pifò anplwayè/patron Ozetazini fèt pou yo achte asirans sa a dapre lalwa. Lalwa oblije patron yo pou yo poste sètifika konpayi asirans la ba yo a nan yon kote pou tout travayè ka wè l.

Si ou fraktire nan travay oubyen ou tonbe malad akòz kondisyon travay la, *Worker's Comp* kapab peye pou:

- Bil doktè, bil lopital, tès ak medikaman ou bezwen
- Jiska 60% salè anmwayèn ou abitye touche pa semèn
- Benefis pou fanmi ou si w mouri nan travay la

Sa ou Dwe Fè si w Fraktire nan Travay

- ◆ Repòte tout frakti oubyen maladi ou pran nan travay la bay patron ou imedyatman, menm lè ou pa oblije kanpe/sispan n travay. Si ou kite tan pase avan ou repòte yon aksidan, patron an ka di ke se pa nan travay la sa te rive w.
- ◆ Si ou pèdi 5 oubyen plis jou travay, patron an oblije ranpli yon fòm (Form 101) pou voye bay asirans yo a ak Department of Industrial Accident (Depatman pou Aksidan Endistriyèl).
- ◆ Pran swen medikal imedyatman. Selon kondisyon asirans patron an yon kapab mande ou pou fè premye vizit la nan men doktè pa yo. Chèche konnen vrèman si kondisyon asirans la mande sa. Sepandan, ou kapab chwazi pwòp doktè ou apre premye vizit la. Bowdoin Street Health Center gen yon klinik ki espesyalize nan pwoblèm sante ki gen rapò ak travay. Yo pale kreyòl, espanyòl, pòtigè... elatriye.
- ◆ Mande doktè w la yon lèt ki dekri frakti oubyen maladi on genyen an epi ki kalite tretman li ap fè pou ou. Lèt la dwe mansyone tou konbyen tan w ap fè deyò nan travay la.
- ◆ Si ou ka travay, lèt la dwe mansyone klèman ki sa ou pa ka/dwe fè nan travay la. Bay patron an lèt la.

- ◆ Oumenm ansanm ak doktè w la kapab deside si ou dwe kontinye travay pandan w ap pran bonjan swen medikal oubyen terapi. Nan ka sa a, patron an dwe ranpli form “medical only” (medikal sèlman) pou asirans la. Yo ap kenbe tout dokiman sou aksidan an anka ou vin pi grav epi Asirans Konpansasyon Pou Travayè a ap peye tout bil medikal ou yo.
- ◆ Kenbe yon fotokopi tout dokiman yo pou ou: premye fòm ou te repòte aksidan an, nòt doktè, bil medikal, epi nenpòt lòt lèt sou aksidan an. Li enpòtan pou kenbe pwòp dokiman ou lè ou anafè ak sistèm Konpansasyon Pou Travayè a.
- ◆ Asirans la ap peye w yon pati nan salè ou sou sizyèm jou ou pèdi nan travay la. Asirans la dwe peye tout bil medikal ou yo, kòmanse sou premye vizit doktè ou fè.
- ◆ Asirans la gen 14 jou apre li resevwa premye fòm sou aksidan an pou li deside si li ap peye w konpansasyon ou non. Si ou pan tande nouvèl yo nan 2 semèn, kontakte yo oumenm oubyen mande sendika w la (si gen sendika nan travay la) oswa MassCOSH pou ede w.
- ◆ Lè ou prè pou retounen nan travay, mande doktè ou ki sa ou kapab fè nan travay la. Doktè w la ap ekri yon lèt pou patron w la apre li pale avè w. Kenbe yon fotokopi lèt la.
- ◆ Travayè ki resevwa konpansasyon konsidere kòm moun andikape daprè lwa Massachusetts la. Ou kapab kouvri tou anba lwa *Americans With Disabilities Act (ADA)* (Lwa pou Ameriken ki Andikape) ki se yon lwa federal. Lwa sa a yo mansyone ke ou kapab mande pou travay la chanje orè ou, oubyen fason ou fè travay ou.
- ◆ Si asirans la rejte ka w la, kontakte sendika nan travay ou a (si w gen sendika) oubyen MassCOSH.

MassCOSH
12 Southern Ave.
Dorchester, MA 02124
(617) 825-7233